KAWIN *kok* SUSAH

(Naskah Basa Jawa)

Karya

Joko Yuliyanto

KAWIN *kok* SUSAH

Karya Joko Yuliyanto

NASKAH BASA JAWA

Nyritakno ribete adat jawa babagan kawin. Seko arah perjodhohan, anak nomer piro, lair bulan opo, nganti tanggal nikah sing kudu disekseni karo sing mangku adat. Tradisi jawa sing isih kenthel ana ing dusun Kliwonan, sakliyane babagan nikah isih ana adat kelairan, sedo, nganti tekan bedal desa nganggo piranti sesajen sak pranatane.

Sanadyan wes padha jejeg anggone nyandang agama nanging isih manteb nggunakne tradisi jawa. Minurut carita para sepuh, iku amarga ing jaman semana agama islam diajarne ing tanah jawa saking Walisanga kanthi alus ora ngrusak tradisi leluhur. Mula akeh wong jawa sing minat mlebu islam sing isih njawani. Akeh ajaran wali sing isih trep karo adat jawa, terus alon-alon dileboni ajaran islam kanthi telaten. Ananging dadi akeh perdebatan ing kalangan islam nganti tekan jaman android niki.

Naskah iki bakal bedah masalah adat kawin kejawen. Akeh anak sing susah entuk jodho merga ora sesuai karo syariat adat jawa. Wes ora ana cinta maneh, isine mung pasrah karo jodho adat sing pener. Miturut pengalaman para sesepuh, angger-angger enek wong sing nglanggar tradisi adat iku bisa cilaka. Iso nyilakani wong tuwane, suk neng anake, nganti karo sing kawin iku dhewe. Adat jawa, dipercoyo ojo, ora dipercoyo ora keno.

Para pemain :

Siti (22 tahun) buruh pabrik plastik.

Sigit (25 tahun) peternak Sapi.

Aziz (27 tahun) teknisi komputer.

Heni (26 tahun) buruh pabrik kertas. mbakyune siti

Paidi (52 tahun) perangkat desa, bapake siti.

Sulastri (45 tahun) bojone paidi.

Mbah atmo (71 tahun) sesepuh deso, pemangku adat

Umar (26 tahun) ustad, wirausaha, putune mbah atmo

ADEGAN 1

Ing latar wayah wengi Sulastri karo Paidi njereng kloso jogongan mbahas jaman semono isih pacaran. Sinambi ngombe teh anget karo mangan telo godhog. Suworo radio ugo dadi pengiring ing sajroning wengi ditambah remang cahyo rembulan. Ing sisih ngarep latar samping pertigaan ana lampu mercuri sing murup benter dikrubuti laron sing kat mau magrib padha ngumpul. Sulastri nyeraki Paidi sing lagi nglinting rokok.

SULASTRI

Pak, isih eling jaman semono ora pak?

PAIDI

Jaman pak Harto? Hlayo isih eling to bu? Negoro makmur lan ayem ora kakean demo. Sandang pangan papan yo podho kecukupan. Wes pokoke jaman pak harto ki jos gandos

SULASTRI

Mboten niku pak

PAIDI

Lha terus? Jaman penjajahan? Yo aku durung lair to bu, lha umurku ae isih 50-an

SULASTRI

Boten niku pak

PAIDI

Lha opo to bu? Takok kok ra cetho ngono

SULASTRI

Lha meh cetho piye? Arep dijelasne malah di senggak terus koyo anggota DPR. Gek nek crito ngalor ngidul re cetho jluntrungane.

PAIDI

Yowes, saiki takok opo? Sing jelas

SULASTRI

Bapak iku isih eling ora jaman semono dhewe pacaran terus iso bebojoan tekan seprene

PAIDI

Oalah bu, bu. Lha mung arep takok koyo ngono ae direwangi godhog telo barang

SULASTRI

Halah, lha wong sakbendino yo godhog telo. Coba kebon etan omah ditanduri cery, yo mesti tak gawekne jus

PAIDI

Mobil kok di tandur. Wes to bu, bersyukur sanadyan mung duwe motor loro karo onthel siji

SULASTRI

Sing tak maksud ki buah cery pak. Ash, embuh pak

PAIDI

Halah bu, guyon. Ngono ae lho nesu. Tapi tak sawang sawang nek koe lagi nesu ngono dadi tambah ayu lho bu

SULASTRI

Iyo ayu. Neng tuwek. Kisut. Mambu lemah

PAIDI

Oalah bu, bu. Lha po aku ki tresno karo koe mergo umur? Mergo rupo? Ora bu, tresnaku ki kawit pertama nyawang sliramu tekan seprene isih utuh. Koe sing isih gemati, sopan lan iso ngurus anak. Wes kui dadi kanikmatan sing kudu luar biasa tak syukuri. Oiyo mau takok opo bu?

SULASTRI

Mbuh pak, wes lali

PAIDI

Halah, jek nesu ae. Sik sik sik... oiyo, jek eling jaman pacaran opo ora? Hlayo genah isih to bu. Aku ki jatuh cinta saumur urip mung sepisan tok bu. Yo kui karo koe. Mosok yo lali. Wes rasah mbesengut ngono ndak diparani isrofil ngko

SULASTRI

Isrofil untumu kui. Lha bapak ki nek ditakoni kok mesti jawabane nglantur. Takok opo jawabe opo. Marai ra nafsu mangan telo ae. Eh, pak tapi jaman semono kan awal e yo mung tresno-tresnonan to pak? Kok yo iso tekan bebojoan ya?

PAIDI

Ngene lho garwaku sing pualing ayu dhewe sak ndonyo akherat. Bejane dhewe, padha tresnane tur yo jodho karo adat e. Ndelalahe wetonmu yo rebo legi. Pas karo aku

SULASTRI

Oalah, jebul bapak bebojoan karo aku mergo wetonku rebo legi, ora mergo tresno.

PAIDI

Lha kok koe dadi sensi men to bu? Opo lagi abangan?

SULASTRI

Wes ora abang meneh, ki wes dadi ireng

PAIDI

Walah kok malah metu oli. Ngene lho bu, dhewe kan urip neng deso sing kudu nurut karo adat. Dhewe ki duwe leluhur sing kudu dijogo opo sing dadi kebiasaan jaman biyen. Lha nek masalah tresno, aku ki kat awal mung tresnone karo ibu. Lha mbok sumpah. Mungkin mergo Gustiallah paham yen aku karo ibu kui pancen seneng temenan dadi yo sekalian dipasne karo adat e dhewe.

SULASTRI

Rasah sok romantis ngono pak. Biyen jek enom genah yo isih sregep nggodani Sri. Sajak mlipir pamit pengajian barang

PAIDI

Sri sopo meneh?

SULASTRI

Sri Sumarni pak, sing sasi wingi bar dadi rondo. Bojone genah sedo ditabrak truk

PAIDI

Oalah Sri Sumarni, lha biyen Sri dhisik kok bu sing nggoda. Aku menghargai yo nek dijawil melu njawil. Wong jowo kan kudu njawani to bu

SULASTRI

Alesananmu pak, pak! Eh, tapi Sri kae bar ngrabekne anake malah bojone mati ya pak?

PAIDI

Genah kui bu. Mesti ra njaluk saran karo sing mangku adat, nek ra yo ra percoyo adat. Dadi langsung gas dirabi ae. Nglanggar adat yo kudu siap ilang nyowo bu. Mula anake dhewe suk yo kudu manut karo adat nek arep bebojoan. Ben iso sangidah, wangadah, waromah.

Oalah jebul saiki Sri wes dadi rondo to...

BLACK OUT

Heni karo Siti jagongan ana njero omah ngedep TV. Siti sing jek dolanan handphone lagi bungah chatingan karo Sigit. Sing Heni lagi ngemil rambak karo nonton acara berita-berita nasional.

HENI

Ngguya-ngguyu dhewe ki ngopo to ti?

SITI

Wih, mbak Heni ki kepo

HENI

Mesti lagi bbm-an karo Sigit Sigit kui to? Wes to ti, ngaku wae. Rasah sok rahasia-rahasiaan. Aku paham rasane wong sing lagi kasmaran. Opo meneh adhiku dhewe. Tapi ati-ati lho ti

SITI

Lha kok ati-ati kenopo mbak? Mbak ora setuju aku karo Sigit?

HENI

Yo ati-ati wae ngko ndak loro ati koyo mbakmu iki. Lha Sigit ki wonge sing ndi to ti?

SITI

Ya allah mbak, kat mau ngomong sigat sigit jebul ra ngerti bocahe. Kae lho mbak, sing dhuwur mancung putih rapi wangi koyo superpel

HENI

Wes wes wes, kabeh mbok sebut. Yo aku lali to ti, lha koe bola-bali nggowo lanangan neng omah. Tak pikir kabeh yo kancamu

SITI

Iyo liane kancaku mbak, tapi khusus Sigit iku spesial neng atiku

HENI

Special? Kui pacar opo nasi goreng?

Banjur bocah loro padha geguyonan.

SITI

Eh, mbak, mbak. Kok biyen mbak Heni rasido rabi karo mas Rudi ki ngopo mbak?

HENI

Ra cocok

SITI

Ra cocok piye mbak? Mas Rudi ki yo lumayan lho mbak dijak njagong, tumpakane yo pixen. Paribasan ora ngisin-ngisini lah. Pancen sih batuke rodo kroak sitik

HENI

Lambemu kui ti, aku ki golek bojo ora mergo rupane opo kahanan uripe. Sing penting pas, klik karo aku ngono wae wes cukup ti.

SITI

Lha emang ora klik mbak?

HENI

Yo jane lumayan klik. Tapi bapak ora setuju arep piye maneh?

SITI

Weleh, lha sing meh rabi mbak Heni kok sing ra setuju bapak. Bapak ki cen ngragas tenan kok. Lha kok Bapak ora setuju ki ngopo mbak? Wedi kalah bagus mungkin po ya

HENI

Mergo omahe Rudi daerah wetan serong ngalor. Daerah magetan kono ti

SITI

Lha kok iso ngono mbak?

Bapak karo ibu mlebu omah ngampiri Heni karo Siti sing lagi jagongan

SULASTRI

Hayo, dho ngopo iki? Hen, tulung jipukno gorengan neng lemari kae, dipangan bareng-bareng kene. Ki enek telo godhog. Disambi nonton tipi lak wangun

SITI

Mbak aku dijipukne wedang sekalian

PAIDI

Hush, adi kok ngakon mbake

Heni mlebu dapur gawe wedang karo jipuk gorengan.

SULASTRI

Misal Ari neng omah lak tambah rame yo? Ealah, duwe anak lanang siji ae ndadak longo adoh men.

PAIDI

Yowes ben to, lanang ki yo kudu ngomburo neng ngendi-ngendi. Golek pengalaman sing akeh. Manuk ora bakal lali karo susuhe

SITI

Mas Ari kok ra ndang rabi-rabi pak? Bukane wes duwe duit akeh?

PAIDI

Mbuh ti, ngko nek wes ketemu jodhone lak yo teko neng omah nggowo calone

SULASTRI

Mulo nyambut gawe sing sregep, ben sugih koyo masmu kae. Lha kowe kui esuk awan bengi kok mung nyekel Hape ae. Jane dolanan opo to?

SITI

Usaha golek mantu nggo koe mbok. Eh, kok bapak ra setuju mas Rudi rabi karo mbak Heni ngopo pak?

BLACK OUT

ADEGAN 2

Sore. Ing njero omah, Siti nyritakno hubungane karo Sigit.

SITI

Dadi critane ngene, biyen jaman SMP aku dibribik karo kakak kelasku, jenenge Sigit Sukmawan. Aku kelas 2, bocahe kelas 3. Mbendino sms mung nakokne kabarku, ngelingne mangan, ngelingne turu, ngelingne sholat, nganti ngising wae yo dielingne. Jenenge wae yo bocah lagi kasmaran. Yo terus 3 sasi cerak dhekne nembak, yowes to tak tompo, lhawong aku yo nyimpen roso.

Aku jek eling biyen jaman pacaran pancen alay tenan kok. Nek arep turu ngono disms “Bebh, akyu bobox duyu ea. Amu uga gih. Jangan upa mimpiin akyu ea”. Buset sakmben wengi sms koyo ngono. Yen esuk yo sms maneh “Bebh, cholat duyu. Abis tu mandi” yowes to tak bales “iya bebh, ni ge mandi sambil sing song” lha wong aku jaman semono yo jek alay. Wes pokoke nek eling jaman semono marai gilo dhewe.

Lulus SMP, aku karo Sigit pisah, dhekene kon sekolah neng Suroboyo. Lha aku dikon bapak sekolah sing cerak wae. Mergo suwe ra ketemu, pacaran isine mung padu terus. Enek wae sing dinggo alesan, jare selingkuh, wes ra perhatian, nganti lali ngelingne mangan iso dadi padudon. Biasalah jek labil. Setaun hubungan mung padu wae aku pedot karo Sigit. Barkui aku ngroso kesepian. Nek kadang Sigit SMS ngono meh tak bales gengsi, padahal asline yo pengin bales. Sakjane bola-bali aku iki dibribik lanangan liyo tapi tak tolaki terus. Yo, Efek durung iso Mup On.

Nah lulus SMA, Sigit balik maneh. Dikon bapake neruske ternak sapi neng omahe. Mungkin Gustiallah paham nek jodho ki yo ra bakal neng endi-endi. Dino minggu tiba-tiba Sigit sms aku, nakoki kabar. Yo genah to langsung tak jawab. Barkui ngejak ketemuan, terus kita balikan deh.

Yo mugo mugo aku karo Sigit biso ....

Seko dapur, Sulastri nyeluk siti.

SULASTRI

Ti, digoleki kancamu kae neng ngarep omah

SITI

Sopo mbok?

SULASTRI

Mbuh, Silit po sopo ngono mau

SITI

Silit? Silit? Silit sopo ya? Oalah Sigit..

Siti budal neng ruang tamu ketemu Sigit

SITI

Eeee, sayangku, cintaku, belahan jiwaku

SIGIT

Wes mulai edan meneh. Bapakmu nengndi yang?

SITI

Jek neng sawah paling. Wes lingguh sik, tak gawekne wedang. Pengen wedang opo? Kopi rasa rindu, susu kasih sayang opo sirup meminta rabi?

SIGIT

Wedang teh wae, rasah repot-repot

SITI

Oke siap, calon suamiku

Siti banjur mlebu omah gawe wedang. Paidi balik seko sawah. Sigit gage ngambung tangane

PAIDI

Kancane Heni mas?

SIGIT

Boten pak, rencange Siti. Niki wau namung mampir, kadose ajeng jawah

PAIDI

Oalah, yowes lingguh sik. Lha Siti nengndi?

SIGIT

Nembe ndamel teh wau pak

PAIDI

Kancane kerjo siti?

SIGIT

Boten pak, nggih namung rencang dolan mawon.

SITI

Eh, bapak wes balik. Pak niki Sigit, calon mantune bapak.

PAIDI

Walah mbak Heni wae durung nemu kok wes monta-mantu.

SITI

Yo, minimal wes ngeki kode sik lah pak. Mbak Heni kae mbok digolekne sak-sake ngono pak, marai aku raiso rabi wae. Jare ora entuk nglangkahi mbakyune

PAIDI

Golek bojo kok sak-sake, koyo golek rongsokan wae. Lha emang wes dho siap rabi?

SIGIT

Nggih, Insyaalloh pak. Tapi niki tesih nyelengi rumiyin. Kersane mangke radi gampil anggene seserahan.

PAIDI

Nah, yo apik kui. Bijaksana. Lha mas Sigit griyane pundi?

SITI

Matesih pak, cerak omahe pakdhe Sanusi

PAIDI

Oalah, anak nomer piro mas?

SIGIT

Kulo ragil pak, rayi kulo enten tigo

BAPAK

Ha? Ragil? Waduh, yowes bapak tak adus sik

Bapak banjur mlebu omah

SITI

Yang, dolan nandi ngono yo, bosen ki kat mau neng omah.

SIGIT

Lha meh dolan nandi? Neng flai oper gelem? Opo neng kuburan sing sepi?

Sulastri teko nggowo kacang godhog.

SULASTRI

Niki mas, disambi riyin? Ngapunten mboten gadhah nopo-nopo

SIGIT

Walah bu, malah ngrepoti.

SITI

Piye to mbok? Arep metu malah digawakne kacang. Yowes diwadahi plastik wae, ngko ben digowo balik Sigit.

SULASTRI

Oalah, yowes, ati-ati ya. Mengko tak bungkusne

SIGIT

Nggih Bu, Assalamu'alaikum

SULASTRI

Wa'alaikumsalam

PAIDI

Lhah, dho nandi mau bu?

SULASTRI

Pacaran pak, mbuh meh nandi mau

PAIDI

Anu e bu, jebul Sigit kui anak ragil.

SULASTRI

Lha ngopo to pak? Kepentok adat maneh?

PAIDI

Lhaiyo to bu, kui pantangan, “Jilu” anak nomer siji ora entuk rabi karo anak nomer telu.

SULASTRI

Oalah, adat ki kok yo angel tenan to. Wingi Heni rasido rabi mergo kahanan arah omah sing ra matuk. Lha bareng saiki Siti malah kepentok jilu.

PAIDI

Yo ngono iku bu, tradisi leluhur sing kudu dilestarikne, ben ngko nek bebojoan iso tentrem ayem. Koyo awakedhewe ngene iki lho bu

SULASTRI

Lha emang nek dilanggar ngono keno opo to pak?

PAIDI

Nek nglanggar adat mau bisa ngendegne olehe rejeki, ora biso langgeng. Sing luwih parah iso nyilakani wong tuo loro, mbuh seko sing wedok opo seko sing lanang. Lha kasus’e Sri kan yo koyo ngono iku to bu

Heni karo Aziz bibar dolan. Nggowo molen dinggo bapak karo ibu Heni

AZIZ

Assalamu’alaikum

SULASTRI

Waalaikumsalam...Walah, dho seko ngendi ki mau?

HENI

Seko tawangmangu mbok, ki ditumbasne molen

SULASTRI

Nah malah repot-repot to

PAIDI

Monggo mas, lunggih dhisik

AZIZ

Nggih pak. Matursuwun

Ibu karo heni banjur mlebu omah, nyangking wedang sisane Siti karo Sigit.

PAIDI

Namine sinten mas?

AZIZ

Aziz pak,

PAIDI

Pacare Heni?

AZIZ

Namung rencang pak, mangke menawi cocok nggih nyuwun pangestune mawon

PAIDI

Oiyo mesti, tak dongane terus. Lha wong Heni yowes wancine rabi. Kanca-kancane wes momong anak, Heni kae malah jek golak-golek wae. Lha smas Aziz nyambut gawe nengndi?

AZIZ

Kulo teknisi komputer pak. Niku nggih kantore mase piyambak

PAIDI

Oalah, putra nomer pinten?

AZIZ

Kulo putra nomer tigo, rayi kulo setunggal pak.

PAIDI

Ha? Nomer telu? Oalah, Nasib, nasib

AZIZ

Lha pripun pak?

PAIDI

Yowes tak tinggal sik ya. Manukku durung tak pakani kae

HENI

Lhoh pak arep nandi? Tak gawekne wedang malah lungo. Niki mas diunjuk sik

AZIZ

Matursuwun ya Hen

BLACK OUT

ADEGAN 3

Esuk. Mbah Atmo sender ono lincak ngarep omahe. ngligo karo nembang "dadi ati". Nyawang wong padha sliweran tandur, kulakan neng pasar, bocah-bocah padha sekolah. Neng ngarepe ana kopi karo udud lintingan.

MBAH ATMO

Gegarane wong akrami
Dudu bondho dudu rupo
Hamung ati pawitane
Luput pisan keno pisan
Yen gampang luwih gampang
Yen angel angel kelangkung
Tan keno tinumbas arto

PAIDI

Kulonuwun,

MBAH ATMO

Monggo, ngopo di?

PAIDI

Namung ajeng silaturahmi mbah. Piyambakan mbah?

MBAH ATMO

Yo, nek lagi nglaras ngene iki di, liyer-liyer ngrasakne suworo angin, bagindo leyo panguoso daratan lagi padha bungah, bagindo kele panguoso laut lagi padha sumringah

UMAR

Mbah, tak budal rumiyin nggih?

MBAH ATMO

Walah lagi jam piro to mar? Kok mruput men? Ki pakdhe Paidi gawekno wedang sik

UMAR

Nggih mbah, Mbah Atmo ngunjuk nopo, kula damelne sekalian

MBAH ATMO

Aku rasah, kopi sing mbok gawekne kat mau subuh jek mantep iki

PAIDI

Niku sinten mbah? Kok jarang ketingal?

MBAH ATMO

Putuku di, putrane Parmin. Lagi limang dino neng kene. Jare meh urip neng dusun wae, hawane suweger. Ngopo di? Pengen mbok pek mantu po piye?

PAIDI

Walah, mbah Atmo ki gae-gae wae.

MBAH ATMO

Lha piye? Heni karo Siti lak jek dho perawan to? Mbok dirabekne karo Umar kui wae? Opo jek kurang bagus?

PAIDI

Ooo, jenenge Umar to mbah. Mboten ngoten mbah. Nek masalah jodho kula pasrahne Gustiallah mawon

MBAH ATMO

Tapi wong tuwane lak yo kudu ikhtiar to? Pasrah terus dadi perawan tuwo ngko

PAIDI

Kulo teng mriki niki nggih ajeng mbahas niku mbah, perjodhoan.

MBAH ATMO

Lha piye? Meh takok opo?

UMAR

Niki mbah, dhe, unjukanipun? Kula budal rumiyin nggih

PAIDI

Nggih mas, ngatos ngatos. Mugi lancar anggene nyambut damel

MBAH ATMO

Kui didongani calon morotuo

PAIDI

Walah, mbah Atmo ki senengane gojekan wae

MBAH ATMO

Piye mau? Arep takon opo?

PAIDI

Ngeten mbah, anakku wedok loro niko dho pengen rabi. Lha wingi niku sampun dho dolan teng griyo

MBAH ATMO

Nembung?

PAIDI

Mboten mbah, nggih namung dikenalke riyen. Nanging ngoten mbah. Siti niku pengen nikah kalih Sigit, bocahe ragil. Niku miturut adat lak mboten prayogi to mbah?

MBAH ATMO

Lha yo genah ra entuk to di. Opo siap kowe karo Lastri nanggung bencanane sukmben? Iso utang nyowo kowe di. Ojo entuk

PAIDI

Lha kula kedah pripun mbah?

MBAH ATMO

Yo pokoke ojo entuk. Lha mbok ben Siti karo Umar kui wae. Sandang pangan papan lak genah iso kecukupan.

PAIDI

Nanging kula ajeng ngomong mboten kepenak kalih Siti niku mbah?

MBAH ATMO

Yo kui terserah kowe di, nek aku nyaranke rasah. Mending karo Umar. Bocahe isih lajang, pinter ngaji, sregep, sopan karo wong tuwo.

PAIDI

Lha nopo Umar purun rabi kalih Siti mbah?

MBAH ATMO

Genah gelem lah di. Umar ki bocahe manut karo wong tuwo. Lha nek Heni kae kepiye? Wes entuk calon?

PAIDI

Niku kasuse nggih sami kalih Siti mbah, ndekwingi niko ngejak rencange, bocahe putra nomer telu. Lha niku lak Jilu malih mbah

MBAH ATMO

Walah lhakok mesakne men to Heni kae, wingi rasido rabi mergo papane ra pas, saiki genti kepentok jilu. Gek wes tuwo ngono dadi prawan. Heni kae yo ndang dirabekne wae, karo Pendi kae opo ora gelem?

PAIDI

Nek kula sih mbeten menopo mbah, lha Heni niko nek dijodhone malah ngamuk ra nggenah ngoten mbah. Jare tresno niku mboten paring dipekso. Niki pun boten jaman siti nurbaya malih, ngotene mbah

MBAH ATMO

Yowes sing sabar di, penting ikhtiar terus. Ngko nek wancine lak yo diparingi karo Gustialah. Heni kui wetone rebo legi to di?

PAIDI

Nggih niku mbah. pripun?

MBAH ATMO

Ngko cobo pas wetone belehno pitik pitu, karo gawe sesajen nggo mbahmu pawiro, ben digampangne olehe entuk jodho

PAIDI

Nggih mbah

BLACK OUT

ADEGAN 4

Sore. Neng ruang tamu, Paidi karo Sulastri padha rembugan babagan perjodhoan putrane. Sulastri nyiapne minyak jlantah dinggo ngeroki gegere Paidi sing lagi gembreges.

SULASTRI

Wes to pak rausah dipeker nemen-nemen. Kebiasaan, nek kakean pikiran kok mesti masuk angin. Heni karo Siti ki wes gedhe, ngko lak yo mudheng dhewe

PAIDI

Ra kepikiran piye to bu, arep turu wae angel eram. Ndek mau mbah Atmo yo malah nyarani kon jodhone putune karo Siti. Ngko nek aku ngomong ra setuju karo bocah loro kae ndah dadi rame tenan. Kan kowe yo mudheng dhewe to bu, bocah-bocah ki nek duwe kepinginan kudu dituruti. Ealah, gawean neng kelurahan wes numpuk, sawah dipangani tikus, iki ditambah bocah-bocah sing padha kesusu kawin

SULASTRI

Yowes ndang diomongi wae pak, ben ndang lego. Urip neng deso ki yo kudu siap koyo ngene. Anak sing rabi wong tuwo sing mumet.

PAIDI

Aduh, ojo miring-miring keno balung. Ngeroki kok ra aturan ngono. Kui nggowo duit opo lading, kok rasane perih men.

SULASTRI

Ealah pak, wes dikeroki jek sambat wae. Nek dikeroki ki yo mesti loro, nek pengen penak yo pijek kono. Njaluk mari kok nggersulo wae. Lagi entuk telung garis wes sambat

PAIDI

Wong wedok ki ramudheng larane sing dirasakne wong lanang. Cobo, koe tak keroki genti.

SULASTRI

Yo, ojo neng kene to pak. Mosok suwargomu arep mbok umbar neng wong akeh. Nggonaku iki yo mung duwekmu. Wong liyo ojo nganti reti.

PAIDI

Oiyo ding bu, jebul jek enek wong akeh.

SITI

Assalamualaikum

SULASTRI

Waalaikumsalam, Eh Siti karo dek Sigit bar seko ngendi

PAIDI

Sik bu, tak turu sik

Paidi gage lungo mlebu kamar. Ra sempet salaman karo sigit

SIGIT

Bapak nembe gerah to bu?

SULASTRI

Iyo dik, biasa nek kakaean utang yo langsung lungkrah

SITI

Paling dicokot tikus neng sawah. Terus keno infeksi virus FLU TIKUS. Lha mbak Heni nengndi Bu?

SULASTRI

Mbuh mau, jare pamite arep joging neng SDIT ngono

SITI

Paling joging karo PDTK mbok. Wes yang lungguh sik. Mbok ra enek gorengan opo cemilan ngono to? Gulone mau awan yo entek ki

SULASTRI

Kae neng lemari enek roti kering, gulane mau yo wes tuku. Gage digawekne kono.

Siti banjur mlebu gawe wedang. Aziz karo Heni teko.

AZIZ

Assalamu'alikum

HENI

E, enek tamu. Pacare siti to mas? Opo kancane? Siti ki pancen jos tenan og, wingi gowo sopo saiki nggowo sopo. Gonta ganti terus

SITI (*seko njero)*

Lambemu mbak

HENI

Weh, krungu jebule. Yowes tak tinggal neng jero sik ya. Kowe lingguh sik kono karo calon adhi ipar. Bu, lha bapak nengndi?

SULASTRI

Kae neng kamar. Masuk angin

HENI

Wah, bapak ki setronge nek bengi tok. Awan loyo

SULASTRI

Dho seko ngendi iki mau?

AZIZ

Wau kula ajak Heni kenalne Bapak Ibu kula bu

SIGIT

Nek kula wau saking ...

Siti metu gowo wedang karo roti kering.

SITI

Saking moool mbok, sing isine cah enom kinyis kinyis. Pupurane medok koyo bayi pitung ndino. Sandangane seksi koyo ra ketok nek nyandang. Hawane adhem. Ra cocok nggo bapak, genah langsung masuk angin

SULASTRI

Halah, bocah kok nrocos wae. Yowes dimanggakne. Tak tinggal masak dhisik

SITI

Mbok, nek masak uyahe rodo akeh. Tambah asin tambah sedep

Ibu lungo menyang dapur. Heni teko gowo buku tulis karo pulpen

SITI

Weh, nggo ngopo kui mbak. Anu to, daftar utangmu?

HENI

Hush, iki aku arep nulis daftar undangan nggo nikahanku suk. Kowe kui mung ngintil ae ra ndang niat rabi

SIGIT

Nggih, jane wes enek niatan mbak. Tapi Siti kui jek durung siap momong anak

SITI

Aku siap ko yang, sing penting ra kakean nangis wae

AZIZ

Lha, rencana meh gawe undangan piro hen?

SITI

Kok hen? Wah ra romantis blas, koyo kita ki lho mbak, manggilnya Sayang, beb, cinta, papa-mama, ayah-bunda ....

SIGIT

Yaaaang.... Wah alayne kumat ki

Bocah papat padha rembugan, diiringi musik lampu soyo peteng nandakne wayah wengi wes teko.

BLACK OUT

ADEGAN 5

Ing teras omah. Wengi. Paidi karo Umar lagi rundingan babagan agama. Lungguh ing kursi tuwo, wes cemepak teh anget karo kacang. Paidi sarungan ngimbangi sandangane umar sing katon rapi koyo bocah santri.

PAIDI

Oalah, jebul dek Umar tau nyantri neng pondok to?

UMAR

Inggih pak, teng pondok Ummul Quro' Boyolali

PAIDI

Olah pantes, unggah-ungguhe karo wong tuwo dhuwur. Lha bapakmu kae saiki neng ngendi? Kok ra melu kowe balik mulih?

UMAR

Bapak tesih ngajar ngaji teng Boyolali ugi pak, nanging benten kalih pondok nggen kula. Siti niki nembe ten pundi pak?

PAIDI

Paling lagi nonton TV nek ra yo wes turu, jare sesuk mlebu rodo esuk ngono

UMAR

Ooooo...

PAIDI

Lha dek Umar niku asline pripun? Duwe roso karo Siti mboten?

UMAR

Nggih sakwajare tiyang kakung pak, mesti nggeh tresno kalih Siti. Lha bocahe niku manis, pinter, gampang srawung karo liyane. Yo, senadyan rodo pecicilan.

PAIDI

Lha yo kui, Pecicilan. Keturunan simboke jaman enom yo pecicilan. Tapi atine tetep apik kok dik, yo nek mung nglakoni tanggunjawab dadi bojo mesti genah cocok.

Sigit teko gowo sepatu.

SIGIT

Assalamualaikum

UMAR

Waalaikumsalam

PAIDI

Lhoh, ngopo? Wengi-wengi kok mrene?

SIGIT

Siti wonten pak?

PAIDI

Siti lagi turu

UMAR

Monggo mas, lenggah mriki. Kadose asring disawang tiyang sanes. Mboten wangun menawi enten tamu mboten dimanggakne

SIGIT

O, nggih. Matursuwun

Sigit banjur lunggih neng kursi sampinge Umar. Paidi nyusul neng mburine

UMAR

Kersane mas?

SIGIT

Iki arep ngekne sepatune Siti, wingi kodanan, terus tak silihi sendalku dhisik

UMAR

Onggih, Namine sinten mas?

SIGIT

Jenengku Sigit mas. Lha sampeyan?

PAIDI

Jenenge Umar, Calone siti

SIGIT

Calon? Calon nopo pak?

PAIDI

Yo calon bojo, mosok calon presiden. Wes intine aku arep njodohne Siti karo Umar. Aku ra setuju karo kowe. Wes ora duwe unggah-ungguh, penggawean ra jelas, suk siti arep mbok pakani opo?

SIGIT

Pak, sing jenenge tresno ki ra mandang bondo opo rupo. Nanging cinta pak,

PAIDI

Opo? cinta? Opo sakbendino siti arep mbok pakani cinta? Aku iki perangkat desa, dadi yo kudu pantes yen arep golek mantu. Ora sak-sake. Kudu jelas bibit, bebet, bobote. Wong tuwamu wae dho ora nyambut gawe. Ngisin ngisini nek arep dadi besan

SIGIT

Nggihpun pak, yen pancen niku karepe bapak. Matursuwun sampun ngidak martabat kula. mugi calone siti bisa njogo lan gawe bahagia siti. Assalamualaikum

UMAR

Waalaikumsalam

PAIDI

Ngapunten ya dik, ndadak kudu rame neng ngarepmu

UMAR

Niku pacare Siti pak?

PAIDI

Yo, lagi seminggunan dikenalne

UMAR

Menawi angsal tanglet. Lha kok bapak boten setuju kalih Sigit wau kengeng nopo?

PAIDI

Kepentok adat dik, Jilu. Anak nomer siji ora entuk rabi karo anak nomer telu. Ndek mau aku muring-muring babagan bondo, bibit, bebet, bobot asline yo mung nggo alesan ben tetep ora nglanggar adat

UMAR

Astaghfirullah pak, jaman ngeten tesih percoyo adat? Ngoten niku mboten angsal pak. Musyrik. Ngapunten nggih menawi kula kesane radi nggurui. Nanging dados tiyang muslim niku kedah percoyo kalih kersane Allah SWT. Mboten malah percoyo kalih adat ngoten niku.

PAIDI

Tapi dhewe yo kudu ngurmati tradisi leluhur dik, lhawong kui wes turun temurun seko simbah buyut. Misal adat kui dilanggar bisa cilaka. Para wali biyen nekakne islam kui yo lewat adat sik, ben iso ditompo masyarakat. Ora langsung des ngono dik

UMAR

Nggih niku lak sarananipun pak, nanging tujuane nggih ngresiki adat kados islam kang bener saking Allah lan Rasulullah.

PAIDI

Yo sing pas kui agama trep karo adate. Lha wingi aku pas dolan neng omahmu kui yo mbahas iki. Simbahmu manti-manti ojo nganti Siti rabi karo Sigit. Nyaranke kon rabi karo kowe. Ben Siti iso dibimbing agama karo akidahe

UMAR

Nggih menawi ngoten, kula manut panjenengan mawon pak. Kersane sami-sami saged dipun tampi kanthi legowo lan sae

BLACK OUT

ADEGAN 6

Wayah wengi ing njero omah. Siti karo Heni jagongan karo nonton TV.

HENI

Wes telung dino iki kok Sigit ra tau mrene to ti? Lagi padu to?

SITI

Ora mbak, Dhekne lagi ngurus bapake. Jare neng rumah sakit loro liper.

HENI

Lha kok kowe ra tilik? Wah kowe ki pasangan opo? Ora sehidup semati ngono. Nek pasangane enek masalah yo dihibur, dikancanai, sediakan bahu untuknya.

SITI

Lha aku meh tilik jek wedi mbak, ngko nek ditakoni babagan rabi, aku durung iso jawab. Ngko tak jawab durung ngono malah bapake Sigit sekarat terus mati piye? Mlebu penjoro aku. Wong guru njiwit anak wae yo iso mlebu penjoro, opo meneh gawe mati uwong.

HENI

Cangkemmu kui ti, nek ngomong waton njeplak wae. Yowes tak metu sik, ngko nek ditakoni bapak opo simbok lagi hang out ngono

Heni nyangking tas njuk budal.

SITI

Ealah, acara tipi kok isine ra ceto kabeh. Acara dangdut malah dho tangisan, acara komedi malah koyo cah cilik dolanan mobil-mobilan, sinetron dho lebay, berita isine mung ngrasani tok. Golek acara koyo jaman cilik wes raono. Acara tipi saiki ra mendidik blas. Tapi rodo salut sih. Tipi saiki dadi syariah kabeh, delo-delo disensor. Pilem corek wae disensor, ngko paling enek wong lanang ngligo yo melu disensor.

SULASTRI

Ti, mbakmu mau nengndi?

SITI

Hang out mbok

SULASTRI

Hang out kui opo?

SITI

Arisan

SULASTRI

Oalah arisan to. Mangan telo wae sok ngomong inggris

SITI

Mula biyen ki sekolah sing dhuwur mbok, ben pinter. Lha kowe lulus SMP wes selak dijodhone wae mbok

SULASTRI

Ealah ti, mending rasekolah tapi tatakramane dhuwur. Ra koyo bocah saiki. Sekolah dhuwur-dhuwur kelakuane ra ditata. Akeh maksiat, padudon, kae deloken neng tipi cah kuliah malah dho dema-demo ra nggenah ngono.

SITI

Ngono kui jenenge menyampaikan apresiasi mbok. Pemuda itu tonggak kemajuan bangsa

SULASTRI

Preketek, pemuda nggo kemajuan jaman ki sing berprestasi. Ora njuk bengak-bengok neng tengah dalan. Marai macet, ngrusak opo-opo. Paling yo mung ben dho mlebu tipi.

Paidi mlebu omah gowo bancaan dideleh neng sampinge Sulastri, langsung mlebu kamar

PAIDI

Lha Heni neng ngendi bu?

SULASTRI

JENG LOT pak

SITI

Kok jeng lot to mbok? Hang out!!

SULASTRI

Ashmbuh..

Siti entuk telfon seko Sigit, banjur jingkrak ngadeg ngagkat telfon

SITI

Assalamualaikum. Piye yang? Bapak wes sehat? Ha? Terus? Opo? Lha kok kowe ra ngomong karo aku kat biyen to yang? Yowes, ngko ketemu sik wae. Halo? Halo? Yang?

Paaakkk... bapaaaak....

SULASTRI

Ngopo to ti? Bengak-bengok mbrebegi tonggo

SITI

Paaaakk....

PAIDI

Ngopo to ti? Arep turu malah bengak-bengok

SITI

Pak, aku ki kurang bekti opo karo kowe? Ora entuk kuliah, tak turuti. Ra mbok tukone motor, aku trimo. Yen esuk kadang tak masakne, sore tak rewangi neng sawah. Saiki aku arep rabi karo Sigit wae mbok larang. Opo aku arep mbok dadekne koyo mbak Heni, perawan tuwo

SULASTRI

Wes to ti, rasah nesu-nesu ngono

SITI

Halah, kowe kui yo padha wae mbok. Mung mikir bondo tok. Aku mudheng yen kowe kowe kui arep njodohne aku karo umar, putune mbah Atmo. Wong paling kajen neng ndeso. Aku ra nyongko pak, kesenengan anakmu mbok gadekne karo kajen neng uripmu.

SULASTRI

Sing ngomong koyo ngono kui sopo ti?

SITI

Aku wes mudheng kabeh mbok, mula saiki Sigit ra tau dolan mrene yo mergo ulahe bapak kui ngisin-ngisin sigit neng ngarepe umar.

PAIDI

Siti! Anak kurang ajar, wani karo wong tuwo. Pantes wae aku rasido ngrabekne karo sigit. Mergo bocahe raiso ndidik kowe.

SITI

Aku koyo ngene ora mergo Sigit pak, tapi mergo kelakuanmu sing ra ngajeni wong liyo.

PAIDI

Siti! Ngertio aku ra ngrestui kowe karo sigit kui mergo ora cocok karo adat. Kowe kui anak nomer telu. Sigit anak mbarep. Ora mungkin kowe nikah, bisa nyilakani wongtuwo.

SITI

Yowes pak yen pancene bapak isih ngenut adat sing ra mesti genahe kui. Aku tak minggat.

Paidi karo Sulastri freeze. Siti monolog

SITI

Opo ngene iki sing diarani takdir? Urip neng ndeso, ngurus rabi kudu nganggo restu adat. Kancaku akeh sing wes dho rabi ra nggagas sing koyo mengkono kui. Jare ngendeg rezeki, ora iso urip bebrayan, nganti ketekan pati. Ealah, Gusti kok yo disaingi karo aturan dhewe. Wediku iki mung aturan wong jaman biyen sing wes kadung njodhone anake karo wong liyo, alesan adat ben ora iso rabi karo sing ditresnani. Wes yen pencen pinesti koyo mengkono aku arep minggat. Goleki tresnaku sing temenanan ora nurut wong tuwo sing mung mikir kahanane dhewe. Ora urus diarani anak durhaka

Siti banjur mlebu nyepakno sandangan sing diwadahi ono tas gedhe. Siti metu seko omah karo ngempet nangis. Paidi karo Sulastri isih freeze nganti siti wes ora ketok seko omah maneh. Paidi gemugrah bingung karo muring-muring. Sulasri bengak-bengok karo goleki Hape dinggo hubungi Ari sing ono Kalimantan.

PAIDI

Bocah durhaka. Wani karo wong tuwo. Ra duwe tata krama. Marai muring tok. Kelakuan ora karuan genahe.

SULASTRI

Hallo, ri, ari. Hallo. Halloo. Iki piye meneh duh Gusti. Pak Ari, ora keno dihubungi pak. Hen, heni... oalah Heni ki mau yo metu nengndi

PAIDI

Yowes bu, ben minggat sing adoh sisan. Aku ra pateken yen mung kelangan anak siji sing ra nggugu gunumane wong tuwane.

SULASTRI

Pak, siti mengko arep mangan opo pak? Bocahe arep turu ngendi? Gek iki yo lagi wayah udan. Ayo pak digoleki dhisik, sopo reti dhekne mlayu neng gone kancane. Pak, kowe ojo meneng wae. Kae motore ndang ditokne.

PAIDI

Wes to bu, rasah kemriyik. Kupingku risi ngrungokne cangkemmu sing ra cetho kui.

SULASTRI

Yowes pak, yen pancen kowe ra gelem nggolkei siti, tak golekane dhewe. aku tak yo sisan melu minggat.

PAIDI

Iyo bu, iyo bu. Ojo ngono to bu. Wes ojo melu minggat ya. Ngko digoleki bareng-bareng

SULASTRI

Yo gek ndang pak. Nek perlu telpon polisi, dilebokne koran

PAIDI

Iyo bu, tapi iki kan wes wengi. Sesuk wae di goleki bareng-bareng karo Heni. Ngko yo njaluk tulung pak RT kon goleki bareng. Yowes saiki ndang turu sik nggih bu

SULASTRI

Tenan lho pak? Sesuk! Pokoke siti kudu ketemu, nganti ra ketemu aku suk yo melu minggat

Sulastri banjur mlebu kamar karo nangis. Heni mindik-mindik teko

HENI

Enek opo to pak? Kok rame-rame?

PAIDI

Seko ngendi wae?

HENI

Anu pak, lagi maem mau. Nyobo sego goreng anyar wetan dalan

PAIDI

Adhimu minggat

HENI

Ha? Tenanan pak? Minggat nengndi? Kok ra digoleki? Kok kowe meneng wae to pak?

PAIDI

Kowe kui dikon ngurus Siti malah gur mblayang wae. Yang-yangan alesan mangan. Elingo kowe kui yo ra bakal tak jodhone karo Aziz. Kowe kui anak mbarep ora entuk rabi karo anak nomer telu. Kowe kui padha karo Siti. Duwe anak perawan 2 wae...

HENI

Uwes pak! Opo ora cukup bapak nglarani Heni. Biyen karo Rudi ra entuk mergo arah tinarah. Saiki mergo anak mbarep karo nomer telu. Mbok ngomong wae nek aku ora entuk rabi! Saiki Siti melu nanggung karo kepenginanmu sing ngotot karo adat ra cetho kui pak. Nganti kapan? Nganti kapan? Nganti kapan pak? Aku seprono seprene mung riwa riwi takok adat kui kudu di anut ora, seko ustad teko tekan guruku SD tak takoni pak. Kui ki ora entuk. Musrik pak.

Jenenge jodho kui wes enek sing ngatur. Masalah rejeki mengko yo bakal ngalir yen pancene dhewe ikhtiar karo dongo. Ugo kepaten pak, kui kabeh wes diatur Gustiallah

PAIDI

(*ditapok)* bocah kurangajar, rasah sok ngajari wong tuwo. Kowe ki ora bakal mudheng

Paidi banjur mlebu kamar ninggalno Heni

HENI

Ora bakal mudheng opo pak? Ora bakal mudheng yen kabeh kui kudu manut kekarepanmu?

BLACKOUT

ADEGAN 7

Ing tlatar wayah esuk. Srengenge lagi arep njedul seko celahing gunung. Hawa seger trep karo sawah ing pinggir deso. Mbah Atmo nembang jowo "Gagat Enjang" karo ngrungokne radio. Leyeh-leyeh ono ing lincak sinambi ngopi karo udud. Umar dolanan manuk sing lagi wae dituku. Sajak dandan mlipit kokonan bibar mulih seko subuhan.

MBAH ATMO

Gagat enjang, Wanci bangun pungun-pungun

Trus ngalamun, Ngungun wruh tibaning embun

Kae suryo, Mungup ing tanceping langit

Mrabawani, Jagad kabeh kaweratan

Ingkang maweh doyo, Uripe sagung dumadi

Suryo condro kartiko, Amengku doyo

Soyo mantep, Ngenguggayes pane Gusti

Maha asih,Sayekti kang moho suci

UMAR

Mbah, kok kula kepikiran kalih Siti nggih?

MBAH ATMO

Nek pancen tresno ki dioyak. Jodho pancen neng tangane Gustiallah, neng nek ra mbok jipuk yo tetep cementel neng tangane Gustiallah. Siti kui bocahe apik Mar, wes ayu koyo simboke, pinter ngurus omah, wes komplit nek dijak bebojoan.

UMAR

Nanging kula ragu mbah, ketingale Siti niki mboten tresno kalih kula

MBAH ATMO

Kowe kui opo ora eling pepatah raja keraton jaman semono. “Tresno iku jalaran seko kulina”. Sing penting kawin sik, ngko nek wes sakomah lak dadi tresno. Wes percoyo karo simbahmu

UMAR

Nanging siti niko sampun gadhah pacar mbah

MBAH ATMO

Sakdurunge Janur kuning durung garing. Iso diembat

UMAR

Nanging mbah...

MBAH ATMO

Wes ora usah nongang nanging wae. Butuh nek kowe wes siap rabi tak tembungne. Paidi kae jek manut karo aku.

UMAR

Nggih mbah

Paidi karo Sulastri njedul neng omahe Mbah Atmo, arep njaluk tulung goleki Siti

PAIDI

Kulanuwun mbah

MBAH ATMO

Lhadalah, lagi wae dirasani langsung njedul. Dhowo tenan umurmu di, piye enek opo? Arep lamaran?

SULASTRI

Mbah kula nyuwun tulung mbah

MBAH ATMO

Piye enek opo?

SULASTRI

Mbah pokoke kula nyuwun tulung

MBAH ATMO

Lhayo njaluk tulung opo? Nek kon rabi meneh yo aku wes ra kuat. Loyo

PAIDI

Ngeten mbah..

MBAH ATMO

Sik di,,, Mar, tulung gawekno wedang.

Umar gage mlebu omah gawe unjukan

Wes saiki kowe lungguh dhisik kene sing penak. Disawang wong liwat malah koyo enek suting sinetron. Piye?

PAIDI

Siti mabengi minggat seko omah mbah

MBAH ATMO

Walah, kok iso? lagi wae arep tak jodhone karo umar. Nek kelakon koyo ngene iso bubar ki rencanaku.

PAIDI

Lha nggih niku mbah, siti niku ngeyel pengen rabi karo Sigit.

SULASTRI

Wes mbah saiki ndang salin, ayo digoleki bareng. Ngko ceritane neng ndalan wae. Selak siti diculik wong terus dimutilasi mbah

Mbah Atmo gage mlebu omah njipuk salin. Umar metu gowo unjukan dinggo Paidi karo Sulastri

UMAR

Wonten nopo pak?

PAIDI

Siti minggat Mar,

UMAR

Lhoh? Kok saget minggat pak? Lha minggat ten pundi?

PAIDI

Nek aku reti minggat nengndi yowes tak parani to Mar, rausah tak goleki. Wes kowe gage salin kono. Ayo bareng bareng goleki Siti

UMAR

Oh nggih Pak, sekedap

Umar gage mlebu omah nyusul Mbah Atmo salin klambi. Paidi karo Sulastri ngombe wedang sing digowo Umar mau.

SULASTRI

Pak, ngko nek Siti ora ketemu piye?

PAIDI

Wes to bu. Manuk mabur ora bakal lali susuhe. Mengko tak balik muleh dhewe. Kabeh sedulur wes tak telfon, ngko nek reti Siti tak kon hubungi dhewe

Heni karo Aziz teko marani Paidi karo Sulastri.

SULASTRI

Piye Hen? Wes ketemu?

HENI

Durung mbok. Aku mau yo bar seko omahe Sigit. Bocahe ora mudheng Siti ono ngendi.

PAIDI

Olah, bocah kok mung gawe girise wong tuwo tok

Mbah Atmo karo Umar metu seko omah siap budal nggoleki Siti

MBAH ATMO

Pie di? Sido goleki Siti ora? Lha iki tambah Heni barang , wes ayo bareng-bareng sisan

AZIZ

Ngapunten pak, bu, mbah. kula boten saged ndampingi. Mangke siyang wonten acara keluarga. Saestu nyuwun ngapunten nggih pak kula ngrumiyini. Assalamualaikum...

UMAR, SULASTRI, HENI

Waalaikumsalam

HENI

Ati-ati mas.. mbok aku tak balik gasik ya. Njogo omah sekalian masak.

SULASTRI

Yowes Hen, baliko sik. Ngko pokoke nek enek kabar seko Siti. Aku dikabari

HENI

Nggih mbok. Monggo mbah

Heni budal salaman karo Mbah Atmo, Paidi, karo Sulastri

MBAH ATMO

Wes saiki arep nandi sik?

SULASTRI

Manut njenengan mawon mbah

UMAR

Pripun menawi nyuwun tulung polisi rumiyin?

PAIDI

Oiyo lapor polisi sik wae. Kae dibayar negoro gaweane mung tura turu neng ndalan tok. Kon bantu goleki siti wae ben ora mangan gaji buta

MBAH ATMO

Oiyo, cocok kui. Yowes ayo mangkat

Kabeh budal neng kantor Polisi. Lampu feed out. Diiring musik sing kesane lagi padha goleki Siti. Sekirane nunggu musik rampung. Lampu feed in, nandakne nek wes wayah sore.

SULASTRI

Pripun niki mbah?

MBAH ATMO

Lha piye? Wes digolek ngalor-ngidul, ngetan-ngulon yo mung gabuk, ora nemu jawaban.

UMAR

Nggih pun, ndonga mawon sareng-sareng kadose Siti balik melih bu. Sinambi ngentosi laporan saking pak polisi

PAIDI

Nggih pun mbah, matursuwun sanget sampun dibantu. Kowe yo matur suwun mar, pancen pantes tenan dadi mantuku kowe kui

SULASTRI

Wes to pak rasah mikir monta-mantu. Goro-goro kowe ra setuju Siti rabi, saiki dadi golekan

PAIDI

Lha piye to bu, aku ki yo milihne jodho sing pas karo siti. Ben suk nek bebojoan ora keliru, iso bahagia.

MBAH ATMO

Wes rasah dho padu neng kene. Disawang ora patut. Wes surup wancine simbah padha ngangsu kawruh wonten donyo. Wes gek dho balik. Rasah ubet, mengko ndak sing njogo dusun muring.

SULASTRI

Nggih pun mbah. Assalamualaikum

Sulastri budal ndisiki paidi sing isih salaman. Lampu feed out nganti Paidi ngilang seko omahe mbah Atmo

BLACK OUT

ADEGAN 8

Wayah wengi, ing panggon liyo. Sigit, Siti, Aziz karo Heni ngumpul bareng padha gegojekan. Ora ono pengucap namung gestur sing nandakne lagi padha bungah. Sakwetoro lampu peteng maneh. Ing ruang tamu. Sulastri, Paidi, Umar karo Mbah Atmo rundingan.

SULASTRI

Wes telung ndino iki Siti ora balik mbah, arep mangan opo bocah kae

PAIDI

Ndek mau awan polisi tak parani yo ora ono jawaban.

MBAH ATMO

Halah, polisi kui nek ora ono rokok gratis yo ora bakal mlaku. Wes di, yen pancen Siti ora balik sesuk tak nyebar sesajen neng prapatan ben leluhure dhewe sing goleki.

Heni karo Sigit teko

SIGIT

Assalamualikum

PAIDI

Lhoh? Kok kowe ijek wani mrene maneh? Siti mbok sigahno nengndi?

SULASTRI

Hen, kok kowe iso karo Sigit? Lha Aziz nengndi?

HENI

Wes to pak, ora usah muring-muring. Iki Siti wes ketemu.

MBAH ATMO

Walah, ilmuku durung tak tokne malah wes ketemu

SIGIT

Ngapunten pak, kalawingi nika kula boten sopan ten njenengan.

HENI

Dadi intine saiki ngene pak, Siti gelem balik omah angger iso nikah karo Sigit. Sekalian adat-adatan iku iso ilang.

MBAH ATMO

Ati-ati kowe Hen yen ngomong masalah adat. Biso kuwalat

PAIDI

Ora sudi!!

SULASTRI

Pak, kowe iki kok wes buntet masalah adat megkono, nganti lali bahagiane Siti. Sing penting Siti balik dhisik pak. Perkoro bebojoan karo adat iso dibahas ono mburi

PAIDI

Iki ora mung nyangkut kebahagiaan Siti bu, tapi masalah Pati. Patine dhewe

UMAR

Astaghfirullah pak, menawi pati niku sampun wonten sing ngatur.

HENI

Ugo jodho to Mar?

PAIDI

Kabeh pancen wes diatur termasuk Siti ora bebojoan karo Sigit.

Banjur Siti karo Aziz teko.

SITI

Yowes pak, yen pancen bapak nglarang aku rabi karo Sigit mergo adat. Aku ijin rabi karo Aziz

MBAH ATMO

Lhah?

SULASTRI

Ti, kowe kui ngomong opo? Lha Aziz iku lak calone mbakyumu

HENI

Ora mbok, bapak yo ora setuju aku nikah karo Aziz. Makane yen bapak pancen jek percoyo karo adat mau. Lan aku karo Siti yo ora gelem dianggep anak durhaka. Aku wes sepakat yen Siti rabi karo Aziz. Aku rabi karo Sigit

PAIDI

Yo ora iso ngono. Bebojoan kok dinggo dolanan.

SULASTRI

Mbok yo uwes to pak

SITI

Lha ngopo pak? Dadi bapak ora ngrestui aku karo Sigit kui mergo adat opo mergo pengen njodohne aku karo mas Umar

MBAH ATMO

Yen kahanan wes koyo ngene aku ra melu-melu di

HENI

Mar, kowe kui lak ustad, opo yo pentes ngganggu hubungan mergo alesan adat?

PAIDI

Ora usah nyalahne Umar

HENI

Aku ora nyalahne Umar pak, aku mung takon

UMAR

Nek menurutku, sakderenge ngapunten nggih pak, bu. Kula niki asline nggih tresna kalih Siti, ananging tresna niku mboten saged dipekso pak. Kula nggih sadar posisi kula niku dadosake masalah tambah runyam. Masalah adat, niku kula nggih sampun bola-bali matur ten simbah. Ngoten niku boten angsal dipun percoyo. Wonten Allah SWT ingkang luwih pantes dipercoyo. Babagan jodho, pati, rejeki, nasib iku sampun diatur dening Gusti kang maha welas. Dados wonten mriki mboten prayogi menawi kula nganggu pasangan ingkang ajeng sami-sami hamangubagyo.

Desember, 2016

Contac Person Penulis

0821 3885 2912

Jokoyuliyanto38@gmail.com

Sekretariat Teater Gadhang UNS Solo